



ASESMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER GASAL
Tahun Ajaran 2023/2024

LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran : BAHASA JAWA
Kelas : XII (DUA BELAS)
Hari / Tanggal : Senin, 4 Desember 2023
Jam : 09.30-11.00 WIB

PETUNJUK UMUM :

1. Tulis Nama dan Nomor peserta pada lembar jawab
2. Periksa dan bacalah soal sebelum anda menjawabnya
3. Jumlah soal sebanyak 24 butir.
4. Kerjakan pada lembar jawab. Apabila ada jawaban yang anda anggap salah dan ingin memperbaikinya, coretlah dengan dua garis mendatar pada jawaban anda yang salah, kemudian beri tanda silang pada huruf yang anda anggap benar.

**** SELAMAT MENGERJAKAN ****

A. Pilihlah salah siji wangsulane kang bener kanthi menehi tandha pink (X) ing salah siji aksara wangsulane A, B, C, D, utawa E ing dlanjang wangsulane kang sumadya!

Tembang kanggo pitakonan nomer 1-5

Upamane wong lumaku,
Marga gawat den liwati,
Lamun kurang ing pangarah,
Sayekti karendhet ing ri,
Apese kasangdhung padhas,
Babak bundhas anemahi

1. Tembang ing dhuwur, kalebu jinis tembang
 - A. Maskumambang
 - B. Sinom
 - C. Dhandanggula
 - D. Kinanthi
 - E. Asmaradana
2. Tembung "upamane wong lumaku, marga gawat den liwati" kasebut nduweni arti....
 - A. bakal entuk kacilakan ing sadalan-dalan
 - B. yen kurang ngati-ati bakal tiba
 - C. lumaku ing dalan kang kebak pacoban
 - D. pungkasan bakal gawe lara awake dhewe
 - E. wong kang kurang pangati-ati bakal cilaka ing tembe buri

3. Tegese "Lamun kurang ing pangarah" ing salah sawijining gatra yaiku....
 - A. bakal entuk kacilakan ing dalan
 - B. yen ora padha karo kawruh
 - C. yen kurang pangati-ati
 - D. ngupaya kasil lan pamrih
 - E. pungkasane bakal gawe lara awake dhewe
4. Pugerane tembang kasebut yaiku....
 - A. 8i, 8a, 8i, 8a, 8i, 8u
 - B. 8u, 8i, 8a, 8a, 8a, 8u
 - C. 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i
 - D. 8u, 8i, 8a, 8i, 8i, 8a
 - E. 8u, 8i, 8i, 8i, 8a, 8i
5. Tembang macapat Kinanthi iku asale saka tembung "kanthi" kang ateges....
 - A. nyekel
 - B. nuntun
 - C. nggawa
 - D. njupuk
 - E. nyangking
6. Ukara "sun gegurit" dadi tetengere
 - A. tembang modern
 - B. tembang tradhisional
 - C. geguritan gagrag anyar
 - D. geguritan gagrag enggal
 - E. geguritan gagrag lawas
7. Syair geguritan patang gatra saben sapada diarani
 - A. gita catur gatra
 - B. gita dwi gatra
 - C. gita tri gatra
 - D. gita sad gatra
 - E. gita sapta gatra
8. Mungguh mudhune swara nalika maca geguritan diarani
 - A. wirasa
 - B. wirama
 - C. wiraga
 - D. syair
 - E. wicara
9. Ing ngisor iki tandha jeda kanggo mandheg rada suwe yaiku
 - A. #
 - B. //
 - C. /
 - D. ###
 - E. ///

10. Gagasan pokok kang dikarepake penulis geguritan diarani
- A. rasa pangrasa
 - B. sudut pandang
 - C. amanat
 - D. tema
 - E. nada utawa lagu
11. Klambi utawa rasukan kang dienggo marang tiyang Jawi Kakung lan duweni werna cemeng jenenge....
- A. Jas
 - B. Kebaya
 - C. Batik
 - D. Jarik
 - E. Beskap
12. Piranthi kangge nyingseti utawa ngencengake tumempeling sinjang wonten badan supados ampun mlorod, *kejaba*
- A. jarik
 - B. stagen
 - C. korset
 - D. sabuk
 - E. kendhit
13. Blangkon punika kalebu Blangkon daerah....



- A. Semarang
 - B. Surakarta
 - C. Yogyakarta
 - D. Banyumas
 - E. Surabaya
14. *Rasane legi brotowali* nduweni teges....
- A. Rasane legi banget
 - B. Rasane aneh
 - C. Rasane pait banget
 - D. Ora ana rasane
 - E. Rasane anyep
15. *Polahe anteng kitiran* nduweni teges....
- A. Polahe akeh banget
 - B. Polahe kalem
 - C. Polahe mbeling
 - D. Polahe nendang-nendang
 - E. Anteng

Wacanen teks ing ngisor iki kanggo mangsuli soal no. 16-19!!

Gamelan

Gamelan iki dumadi saka piranti warna-werna nanging tetep nyawiji. Sanajan cacahé akeh, nanging yen diunekake bareng bisa nuwuhake rasa kang endah jalaran dilaras kanthi premati lan ditata kanthi becik. Murih ebdahe irama, larase gamelan dibedakake dadi rong warna, yaiku laras slendro lan laras pelog.

Laras slendro nyakup titilaras 1, 2, 3, 5, 6, dene laras pelog isine titilaras 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7. Laras slendro lan laras pelog kabadakake maneh jinise. Sarana kanggo mbedakake jinis iku jenenge pathet. Pathet digunakake minangka tenger kang bisab nuduhake titilaras kang digunakake. Umpama dipadhakake karo solmisasi, pathet iku padha laro nada dasar. Pathet ing laras slendro ana pathet 5, pathet 6, lan pathet manyura, dene ing pathet laras pelog ana pathet 6, lan pathet barang. Kabeh mau nuduhake menawa sanajan wujudé warna-werna nanging ora ngilangi sipate kang nyawiji.

16. Laras gamelan Jawa iku dibedakake dadi rong warna yaiku....

- A. Slendro lan pathet
- B. Slendro lan manyura
- C. Pelog lan pathet
- D. Pelog lan barang
- E. Pelog lan slendro

17. Ricikane gamelan ana bonang rong warna, yaiku....

- A. Bonang kethuk lan bonang kempyang
- B. Bonang barung lan bonang penerus
- C. Bonang gender lan bonang slenthem
- D. Bonang kempul lan bonang kenong
- E. Bonang gambang lan bonang saron

18. Titilaras slendro kang bener, yaiku....

- A. 1 2 3 5 6
- B. 1 2 3 4 5 6
- C. 1 2 3 4 5 6 7
- D. 1 2 3 5 6 7
- E. 1 2 5 6 1

19. Gamelan Jawa kang anggoné ngunekake kanthi digosok kaya biola, jenenge....

- A. Saron
- B. Gambang
- C. Rebab
- D. Gender
- E. Demung

20. "Kembang jambu, kemaruk duwe dolanan anyar"

Batangane saka wangsalan kasebut yaiku

- A. gula
- B. dangu
- C. mlinjo
- D. seneng
- E. karuk

21. Ing ngisor iki sing kalebu paugeran aksara swara yaiku

- A. ora kena dadi pasangan
- B. bisa diuwuhi sandhangan swara
- C. bisa dadi pasangan
- D. nduweni pasangan
- E. bisa kanggo nulis kabeh tembung

22. Ing ngisor iki aksara swara "i" yaiku

- A. 
- B. 
- C. 
- D. 
- E. 

23. Layar kanggo nyigeg aksara

- A. r
- B. ra
- C. ng
- D. h
- E. re

24. Aksara swara cacahé ana

- A. loro
- B. telu
- C. papat
- D. lima
- E. enem


25. Ing ngisor iki kalebu sandhangan kang bisa digunakake ing aksara swara yaiku

- A. wulu
- B. pepet
- C. taling
- D. layar
- E. suku

B. Wangsulana pitakonan ing ngisor iki kanthi cetha lan ganep!

1. Golekana tegese tembung-tembung ngisor iki!

- a. Lukitaning
- b. Taberi
- c. Tinulad
- d. Wukir
- e. Wisesaning



2. Sebutna bagean-bagean busana adat jawa ing gambar ngisor iki!



3. Tulisen jinise purwakanthi-purwakanthi ing ngisor iki!

No	Purwakanthi	Jinising Purwakanthi
1.	Ijo-ijo godhong kara, bareng bodho lagi rumangsa	
2.	Ruruh, rereh, ririh ing wewarah	
3.	Tuku gedhang menyang pasar, pasare Pasar Mojogedhang	
4.	Nemu kembang, kembange wangi, wangine gawe keblinger	
5.	Saya suwe saya sumengka	

4. Wangsalan menika andharake cangkriman, tebusan lan batanganipun!

No	Ukara	Cangkriman	Tebusan	Batanganane
1.	Pindhang lulang, kacek apa aku karo kowe			
2.	Mbalung klapa, geleme mung ethok-ethokan			
3.	Ngembang garut, nggremeng ora karuwan			
4.	Ngembang kacang, mbesengut ora kalegan			
5.	Witing klapa jawata ing ngarcapada, salugune wong mudha gelem rekasa			

5. Gathukna!

